ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№125 (21.783) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэIущIэхэр

Зыхуэмыныкъуэ хэтакъым

Бадзэуэгъуэм и 5 - 6 махуэхэм «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Кавказ Ищхъэрэм щригъэкIуэкIащ СКФО-м 2020 гъэпщIондэ социально-экономикэ зыужьныгъэуэ нгъуэтынур щаубзыхуа конференц. Абы и япэ Iыхьэр. 2010 - 2012 гъэхэм округыщIэм зэрызэужьыну программэр къыщащтар, щызэхэтар Налчык.

ЗЭХУЭСАХЭР гупитхуу загуэшауэ а махуэм хэпIащ проект 80-м щигъуэ. А гупхэм ящыщу Iуэху нэхъ гугъуэхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэхэм хэпIар инновацIэ ЫнатIэм, промышленностым, энергетикэм фIыуэ хэзыщIыкIэрщ. Араш а къудамэм и лэжьыгъэм щIыхэтари УФ-м Федерацэмкlэ и Советым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Орловэ Светланэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ я президентхэу Къанокъуэ Арсенрэ Евкуров Юнус-Бэчрэ, Ставрополь щIыналъэм и губернатор Гаевский Валерий, Дагъыстэным и правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Газимагомедов Резван, республикэхэм, крайм я правительствэхэм щыщхэр, партхэм, жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.

А зэIущIэр щекIуэкIар «Фарма интернешнл» акционер обществэм и унэращ. Псори зэхэту абы къыщагъэльэгъуат проект 24-рэ. Аэр зэхуэдэу кууэу, егупсысауэ ягъэхьэзырат, зыр нэхъыфIу къэпльытэу, адрейр нэхъыкIэу къыщIебгъэдзыныр гугъуу. Абы щыгъуэми, зэIущIэм пхигъэкIыу къыщытэн хуейр проекти 3 къудейт.

- Си гуапэу фыкъызэгъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым! Ди республикэм, дауи, пщIэ къыхэащIащ, мыпхуэдэ зэIущIэпхуэ ди деж щрагъэкIуэкIыну унафэ къыщащтам. Сэ къызэлъытэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр дэтхэнэ республикэми щызэхэтын хуейуэ. Апхуэдэ зэхьэхьэхэр Ставрополь крайм е Ростов щIыналъэм къыщызэтемуувыIэным дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, зэIущIэр къыщызэIуихым.

Япэу зи проектхэр зыгъэльэгъуар Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыкIуэхэращ. Абы хэм кыхалъхьащ зэуэ Iуэхугъуиплl: «Гъущ!-бетон конструкцIэхэм я комбинат» акционер обществэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, селикат чырбыш къыщIэзыгъэкI Iэнатlэр зэтеубIэныр, Зеленчук, Красногорск Ищхъэрэ ГЭС-хэр хуэныр, «Дервейс» автокомпаниемэ зегъэужьыныр.

Хуэхаха зэманыр а псоми зэрыхуримыкъунр кьиныбгэри, проектхэм зэхуэсахэр щыгъуаз зыщIа «Дервейс» автокомпаниемэ и унафэщI Романов Александр нэхъ зэпхьрыхауэ зытепсэльыхьар и унафэм щIэт заводращ, Ар Китайм и автокомпание пъэрызехьэу 4-м долажьэ, и техникэ кьызэгъэпэщыкIэкIэ, и ухуэкIэкIэ хуэщIащ сыт хуэдэ автомобиль лIэужьыгъуэм зэпкърыгъэхьным. Щыхьу бжьыгъэу щыпажьэр 400-м щегъэжьауэ хигъахъуэ зэпытщ, мы гъэм цыху 2000-м нагъэсыну я гугъэщ, ауэ Урысейм и автокомпание лъэрызехьэхэм ябгъуриту рынокым щылэжьэн папщIэ, мылькукIэ кьыдэIэпыкъуу зезыгъэужьын хуэныкъуэщ.

Егъэлеяуэ проект гъэщIэгъуэнщ Осетие Ищхъэрэм кьиIэт Iуэхугъуэхэм щыщу фотоэлектроникэр зи лъабжьэ нано-микро-технологием и продукцIэ къыщIэгъэкIыным теухуар. Абы лIэужьыгъуэ куэд хеубыдэ, биомикрочипхэри хэту. Апхуэдэ хьэпщIыпхэр къыщIэзыгъэкIыфу дуней псом IуэхущIапIи 5 щыIэу араращи, Осетие Ищхъэрэм ейр абыхэм ящыщ зыщ. А продукцэм егъэлеяуэ уасэшхуи щIэпщIэшхуи иIэщ, дыщэм нэхъ р хуэдипщI бжьыгъэкIэ нэхъ тъыпIэщ. Ар ноби ящэхуну хьэзырщ Индием, Тырркуем, Германием, Альджыим, нэгъуэщI къэрал куэдми. Проектыр сом меларди 4,5-рэ и уасэщ, лэжьыгъэ Iэнатlэу мини 2 кьызэIухынущ. Осетие Ищхъэрэм хуримыкъур сом меларди 5-м нобгъагъэ.

ИкъукIэ проект гъэщIэгъуэнхэр кьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрми. Аэр теухуащ Балъкъ псым ГЭС-хэм я каскад тещIыкьным, Тырныауз и бгыпъэ-зыгъэбатэ комбинатыр зэфIэгъэувэжьным, Бахъсэн псыхъуэм мывэкIэщхъ, пшахъуэ, нэгъэщIэхэри кьыщыщIэхьным, «Солдатская-Тырныауз» гъущI гъуэгу кьудамэр ухуэнри а Iуэхум хэту, полиэтилентерефталат илъэс къэс тонн мин 486-рэ и куэдагъэу кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэ ухуэныр.

- Тырныауз вольфрамрэ молибденрэ кьыщыщIахьи щIэдздзэжмэ, кьалэм псэ кьыхьыхьэжу, абы пыщIауэ республикэм щылажьэ нэгъуэщI Iэнатlэхэми зыкъаужьыжыну къудейкъым. Вольфрамым и уасэр доллар рипщI бжьыгъэкIэрэ дуеящ. 2015 - 2017 гъэхэм ирихьэлIэу вольфраму дунейм кьыщыщIахьр хуэди 2 - 3-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ. Аращ Китайр зыгъэгугъэри а Iуэхумкlэ дуней псом тепщэ щыхъуну. АтIэ, Тырныауз илъэс къэс тонн мелуан кьыщыщIэтхьурэ, иджыри илъэс 25-кIэ дылэжьэфынущ, - жиIащ КъБР-м промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкlэ, ЖКХ-мкlэ и министрым и къуэдзэ Минин Вячеслав, проектыр щигъэлъагъуэм.

Комбинатыр кьызэрагъэпэщыжмэ, лэжьыгъэ Iэнатlэу 1000-м нэс кьызэIуахынущ. Iэтэнэми мазэ кьэс сом мин 16 - 18 и улахуэу, илъэс къэс сом меларди 3,6-рэ и уасэ продукцэ ищынущ, хэхъуэ къабзэу сом мелуан 800 илъэсым кьыIэрыхьэнущ.

Минин Вячеслав щхьэхуэу тепсэтыхьащ «Солдатская-Тырныауз» гъущI гъуэгур ухуэнми. Абы комбинатым и мызакъуэу, Тырныауз, Бахъсэн куейхэм заригъэужьынущ, пIалъэ кIэщIым абыхэм кьыщызэIуахынущ лэжьыгъэ Iэнатlэу 8000-м нэс. Абы пыщIа Iуэхуэзр зэтезыIыгъэр гъущI гъуэгур зэрыщымыIэм и закъуэщ. Илъэс кьэс а гъуэгумкlэ яхуэгъэIэпхъуэнут щIы щIагъым кьыщIаха хьугъуэфIыгъуэ зэхуэмыдэу тонн мелуан 14, сом меларди 7,5-рэ и уасэу. ИкIи а проектхэр гъэзэщIэным сом меларди 4,5-рэ текIуэдзэну аращ.

Ставрополь щIыналъэм Буденовск щиухуэну хуейт этилен, полиэтилен, полипропилен углеводородыр и лъабжьэу кьыщIэзыгъэкIыну предприятэ. А проектым и уасэщ сом меларди 100-м щигъу, ауэ лэжьыгъэ Iэнатlэу апхуэдизэ ахьшэкIэ кьахуэзыхьынур ди республикэм игъэлъэгъуэм хуэдизщ - мини 8-щ. Ар Тырныауз и комбинатымрэ и гъущI гъуэгумрэебгъапщэмэ, зэрынэхъ пудым и мызакъуэу, нэхъ мыхьэнэшхуэ Къбэрдей-Балъкъэрым и проектым зэрнIэр нэрылъагъут, этиленым, полиэтиленым, полипропиленым кьыхэщыкIа хьэпшыпхэм Кавказ Ищхъэрэри, зэрыщыту Урысейри, егъэлеяуэ хуэныкъуэ пэтми.

Арагъэнущ зэIущIэм хэтахэм нэхъыфIу кьатыта проектищыр кьыхамыхыну, проектхэр псори гуп-гупурэ зэхэгугъэшыкIауэ. Кьащтэну унафэ щIащIар. ЗэIущIэм щагъэльагъуэ Iуэхугъуэ псори зэрагъэбыдылIащ гидроэнергетикэм, щIадагъэ-химие промышленностым, автомобиль зэпкърыхьэным, псэуалъапхъэ кьыщIэгъэжьынным епхауэ. Нэгъэущу жыIэмэ, проектищым и пIэкIэ проектхэм я гупу 4 зэхуэсахэм кьызэдащтащ, а гупхэм хэбгъэхь мыхъуну кьалъыта Iуэхугъуэ ягъэлъэгъуахэм кьахэкIакъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Iуэхум зегъэужьыным зэрытрагъэгушхуэ Iэмалхэр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхьыщхьэм и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМРЭщIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Дадэ МуIэд** зэпкърихащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI инновацIэ лэжьыгъэм и Iуэхуэ кIэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэжIныгъэхэр. Мы документым еубыху инновацIэ Iуэхум зегъэужьыным зэрытрагъэгушхуэ Iэмалхэр, инновацIэ лэжьыгъэу КъБР-м щрагъэкIуэкIынум и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм инновацIэ грантхэр зэрыхухахыну щыкIэр.

Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Кьанщобий** депутатхэр щыгъуазэ ищащ «2010 гъэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховкэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ фондым и бюджетым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкIныгъэхэм.

А документитIри, депутатхэр елэжьыжа иужь, КъБР-м и Парламентым и зэIушIэм кьыщыхалъхьэнущ.

Депутатхэм КъБР-м и Парламентым гъатхэ сессием кьриубыдэу иригъэкIуэкIыну лэжьыгъэ нэхьыщхьэхэм я планым зэхъуэкIныгъэ щхьэхуэхэр халъхьащ, апхуэдэу 2010 гъэм и бжьыхь сессием ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэ нэхьыщхьэхэм я планым и проектым хэпльащ.

Президиумым и зэIушIэм щытепсэльыхьащ УФ-м и субъект зыбжанэм законхэр кьыдэгъэкIыным теухуауэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм.

Парламентым и Президиумым и зэIушIэм кьыщашта унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ Бэгъэтыр Ларисэ Гъумар и пхым - Налшык кьалэ округым щыIэ «Прогимназие №65» муниципальнэ еджапIэм и унафэщIым, Тэнащ Улымбэч Угъурлы и къуэм - Лэскэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым, Емкъуж Мурат Мурадин и къуэм - КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм информацIэмкlэ и центрым и Iэщlагъэлl пажэм.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.

● Конференцхэр

Зэрыщызрагъэужьыну щIыкIэр яубзыху

Мэкъуаугъэуэм и 29-м Минводы кьалэм щызэхэтащ «ШIыпIэ самоуправленэм и Урысейпсо совет» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и щIыналъэ зэхуаку конференц. Абы нэхьыщхьэу щытепсэльыхьащ муниципальнэ экономикэр кьагъэщIэрэщIэжынымкlэ щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэпэм, муниципальнэ Iуэху зехьэкIэм кьыщагъэсэпI Iэмальщ1эхэм.

- ДИ ОРГАНИЗАЦЭР социально-экономикэ Iэнатlэм зэхьуэкIыныгъэхэр зэуIуу щегъэжIуэкIыным, дэтхэнэ муниципальнэ щIыналъэмкlи и гъэтIылъыгъэхэмрэ и зэфIэкIымрэ зэущIэгъэхьным тещIыхьа проект хэпльыхьахэр щызэпкърах икIи щыпхагъэкI хэщIапIэ хьун хуейщ, - жиIащ СКФО-м щыIэ самоуправленэмкlэ и советым и унафэщI, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий.

Абы игъэбелджылащ ягъэ игъэщIапхъэ Iуэхугъуэ зыбжанэ. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, кадрхэм теухуар. Щхьэгуэш Адэлбий кьызэрильытэмкlэ, лэжьыгъэм куууэ хэзыщIыкI Iэщlагъэлlэр кьыдомэщIэкI. Ар езы депутатхэм я Iуэхущафэми хьиольагъуэ.

- Муниципальнэ зэхуэсхэм хаха депутатхэм ящыщу куэдыр щыналъэ, граждан, бюджет, налог Iуэхухэм теухуа законодательствэхэм фIыуэ щыгъуазэкъым. Ар къэдмылытэмэ, а Iэнатlэр и кьалэнхэм тэмэму пэльэщыныкъым, - кьыхигъэщащ ЩхьэгуэшIым.

Апхуэдэу СКФО-м щыIэ самоуправленэмкlэ и советым и унафэщIым кьызэрильытэмкlэ, жылагъуэ щхьэхуэхэм я статусымрэ административнэ гъунапкъэхэмрэ теухуа Iуэхугъуэхэр Кавказ Ищхъэрэ округым и язныкьэуэ щIыналъэхэм щытекIынщ. Депутатым жеIэ муниципальнэ щIыналъэ щхьэхуэхэм щыхэхэр зэхуэдэм, экономикэм зэрэщIыщIэзрагъэужьыну щIыкIэр щагубзыхукIэ, дэтхэнэ щIыпIэми и зэфIэкIыр кьэпльытапхьэу. Сыту жыIпIэмэ, къэралыр псори зы хабзэм хуэгъэкIуэным хущIэкъуурэ, 131-нэ Федеральнэ законымкlэ щIыналъэхэр зэхуэмыдэщи, иджы абы кьыкIа кьаугъэр дгъэзэкIуэжьын хуей мэхьу.

Шэрэждж районым и щIыпIэ самоуправленэр и щапхъэу, Советым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ и хьакIуэм и унафэщI Темиржанов Махьтэ кьыхигъэщащ егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хьуэныкIыным я Iэнатlэхэр зы мардэм хуагъакIуэмэ, школ щIыналъэм медицинэ Iуэхущапl эхэхэр зэхьэжьынкъым зэрызыхуэнэр. ИтIанэ бгылъэ щIыпIэ гугъусыгъуэхэм щыпсэуэжьэм а Iуэхутхьбзэхэр яIэрыхьэнэхьыр. «Дыщогугъ еджапIэхэмрэ фельдшер-акушер пунктхэмрэ жылагъуэ мыинхэм щызэхэтынкъыну», - кьыгъэльэгъуащ абы.

ЗэIущIэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым хьакIуэ щIыналъэ псомя я лIыкIуэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, «Урысей зэкъуэт» партым СКФО-м щиIэ Зэзыгъэуlу щIыналъэ зэхуаку советым и унафэщI Железняк Сергей.

ШУРДЫМ Маринэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Я зэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъу

АБХЪАЗ. ***Президент Бзгъэпш Сергей зи пашъ республикэм и лIыкIуэ гур махуэ гъунэгъуэхэм Никарагуэм, Венесуэлэм, Куба кIуэнущ.***

-АПХУЭДЭ ди зэIущIэхэм я ужькIэ, Абхъаз Республикэр кьалытэну догугъэ, Фэрыщ1ыгъэ хэмылъу, абы и лъэныкъуэкIэ Африкэм, Къуэкlыпl э Гъунэгъум я къэралхэм, нэгъэущIхэми дадолажь, - жиIащ Бгъэпщым. КьищынэмыщIауэ, кьыхигъэщащ США-мрэ Евросоюзымрэ Абхъазым кьыхуаIэ щытыкIэм хуэмурэ фIыкIэ зэрызихъуэжыр. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, «Абхъазыр Курджым хагъэхьэжину ахэр хущIэкъуркъым».

Гектар къэс центнер 69-рэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Джаджэ куейм и хозяйствэхэм яшыщ зым и фермерым гъавэ бзэ кьыщрихьлIэжащ. Абы триса франджы гуэдзIуужьыгъуэм зы гектарым центнер 69-рэ хуэгъэз кьыптрихащ.***

АДЫГЕЙМ бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм я процент 20-р яIуащ. Псори зэхэту республикэм гъавэ тонн мин 78-рэ кьыщрахьэлIэжащ. Ику ягу гектар къэс центнер 40 кьыгъэхащ, ар нэгъабэ елъытауэ центнер 1,6-кIэ нэхьыбэщ.

Сом мелуан 350-рэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Фэтэр куэду зэхэт псэупIэ унэхэр дызэрыт и лъэсым кьрыубыдэу зэрилъэпщIыжын папщIэ мылькукIэ зыкъыщIихьажьэну республикэм Псэупl э-коммунальнэ хозяйствэм зезэуужьыныкlэ фондым зыхуэнъэжащ.***

РЕСПУБЛИКЭР сом мелуан 350-рэ кьыIэрыхьэну щогугъ. АбыкIэ щIыналъэм и кьалэрэ куейуэ 18-м унэхэр зыхуей щыхуагъэзэну я гугъащ. 2008-2009 гъэхэм капитальнэ эгъэпщIыныгъэхэмкlэ программэм ипкъ иткIэ, КъШР-м апхуэдиз дыдэ мылъку кьыIэрыхьауэ щытащ. АбыкIэ псэупIэ унэ 370-рэ зэрагъэпщIажащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Илъэс 15 ирокъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэр къызэрызэрагъэпэщрэ. Абы зэпымыууэ лэжьэн щіидзащ 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м.

● Унафэщым и псалъэ

ДИГУ КЪЭДГЪЭКІЫЖЫНЩ а Іэнатіэр зэфІэузэныр гугъуу зэрыщытар. Псалъэм и хэтырікІэ, 1990 гъэм и Іэатхэзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз депутатхэр, 1991 гъэм и дыгъэгъаззмрэ 1992 гъэм и щІышылэмрэ республикэм и Президентыр япэу зэрызахар, 1993 гъэм и дыгъэгъаззм Урысей Федерацэм и Конституцэр къэщтэным ехьэлІа лэжьыгъэр. А псори екІуэкІащ политикэм зэпэщІагъэвахэр щызэхуэтКІия лъэхъэнэм.

Хэхакіуэ комиссэр и Іэнахэм пэлъэщащ, абы хэтхэр я Іэнатіэм хуабжьу зэрегугъуам, къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэм, политикэ партхэм, цІыхухэм хъыбар зэрыгъащІэ Іэнатіэхэм кууэ зэрадлэжьам къыхэкІыу.

КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъум теухуауэ сыхуейт мы Іэнатіэр зэфІэувэным си гуащІэ хэзыІэтхьахэм я цІэхэр къысІуэну. Ахэр Уэдыхь Аслъэнбэч, Ильинич Петр, Ахъуэхъу Хьэсэнбий, Къаэмыхъ Израил, Елбэд Хьэсэн, Берыч эт Хьэжумар, Кіыщокъуэ Алим, Бэрбэч ХьэтІутІэ, ЦокІыІ Борис, Уянаев Чомай, Мишков Николай, Сэбаншы Роэз, БатІ Мухьэрбий, Лъостэн Владимир, Шинкарев Николай, Дохъушокъуэ Мусэ, Чэт Юрий, Сытник Николай, Бакъ Фаинэ, Жыджэт Александр, Чабдаров Борис, Зумакулов Борис, Беслъэней Къэралбий, Паинтелёевэ Валентинэ, Іэпщэ Индрис, Щомахуэ Феликс, Тупикин Андрей, Мэз Сусаннэ сымэщ, нэгъуэщІхэри яхэту.

Хуит сыкъэфщІ ди хэхакіуэхэм, щІыпІэ хэхакіуэ комиссэхэм я лэжьыгъэм хэтхэм, щІыналъэ хэхакіуэ комиссэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хэхакіуэ комиссэм хэтхэм, комиссэм и Іэхущ Іапіэм и лэжьэкіуэхэм гуфІэгъуэмкІэ сеихъэхуну, абыхэм фІыщІэ я лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІмэ, Къабэ Ищхъэрэм и щІыналъэ пэрытхэм я щІыналъэ зэфІэувэкІ ин ехьэлІэныгъэ хэр кІыщыкъэ я ІэнатІэм хуабжьу дзэ цІыхухэм хэхьныгъэ и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэр пхыгъэкІыным, ди къэралым хэхьныгъэм и хабзэм зыщедгъэужьным теухуауэ ехьулІэныгъэ дызэриІэфынур. Си гум кІыбгъэдэкІыу фэрэ, фи Іыхьлыхэми сынывохъуэхъу узынщагъэ быдэ, насып, мамырыгъэ фиІэну, фи ГъэщІэр гупагъэрэ фІыгъуэкІэ гъэнщІауэ щытыну!

ДЖЭШ Вячеслав,
КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ.

«Адыгэ псалъэ» газетым къыбгъэдэкІыу КЪБР-м и хэхакіуэ комиссэм дохъуэхъу иджыри илъэс куэдкІэ ди республикэм и зыужьныгъэм хуэлэжьну, хабзэр сыт и лъэныкъуэкІи щытепщэ щІыпІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр хъунымкІэ зэфІэкІ инхэр къыгъэлъэгъуэну.

● Аруан куей

Джэш хъурейм и зэманщ

АРУАН РАЙОНЫМ и «Агро 07» мэкъумэщ Іэхущ Іапіэм Джэрэжэншык къуажэм къыщыкъэзыІуха цехым мы махуэхэм щолэжь джэш хъурейм (горохым). Мы цехым ПІалъэкІэ лэжьыгъэ щагъэуэтащ цІыху 50-м. Абыхэм яхэтщ студентхэри еджакІуэхэри. Ахэр щогуфІкІ гъэмахуэ зыгъэпсэжгъуэм кІуиубыдэу я щхьэкІэ къагъэсэбэпыну ахъшэр къалэжьыжыну Іэмал зэрагъуэтам. Абыхэм къапэщылъщ банк мин 500-м я щхьэр трагъэнтІэну. Ар фІыуэ нэхъыбэщ илъэс кІуам яхуэзэфІэкІам нэхъри.

Ищхъэрэ хъурейр яухмэ, нащэмрэ помидорымрэ ягъэфІэнущ.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

●ЩІЭ

«НэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэм хабзэкІэ УФ-м и щІыналъэм щаІэ хуитыныгъэхэм я Іуэхукі» Федеральнэ закон №115-ФЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкІам зэрэщІэкІ къэралхэм я цІыхухэм УФ-м и щІыналъэм щылэжьну хуит зыщІ патент зэрыщрат щІыкІэм халъхь

ЗэхъуэкІынытгъэхэр

УФ-м и цІыхухэр хуитщ зэрызэгурыІуар и лъабжьэу е къэралым щызэкІуэ хабзэхэм тету, еыхэм я щхьэ, унагъуэ Іуэхухэм тещІыхьауэ нэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэм, хабзэм къитІасэу Урысей Федерацэм и щІыналъэм щыІэхэм, апхуэдэу визэ кІыІахьну хуэмейуэ къэкІуахэм, хъэрычэтышІэ ІэнатІэм кІыщынэмыщІа, я лэжьыгъэр кІыгъэсэбэпыну.

Патентым нэгъуэщІ къэралыщІ цІыхур хуит ещІ Урысей Федерацэм и щІыналъэм щыщу ар къыщрата щІыпІэм щылэжьну

ПІалъэкІэ зэрыщыІэн хуей зэманымкІэ Федеральнэ законым щыгъуэвам щІигъуу нэгъуэщІ къэралым щыІэхэм я къэралым щыщ цІыхухэм терроризм (экстремист) Іуэхухэм ахъшэ хуиныІыщІмэ е ахэр илэжьыну и мурадмэ, терроризм (экстремист) Іуэхухэр ялэжьыным щІэгъэкъуэн хуэхъумэ е ешм илэжьмэ;

5) тхыль нэщІэкІэр къитамэ е и тхыльхэр щигъэхъэзырым щІы иупсамэ.

68-нэ пунктым къыщыгъэлъэгІуэ хэм къадэкІуэу, нэгъуэщІ къэралыщІ цІыхухэм ІуэхущІапІэ, нэгъуэщІ къэралыщІ патент иратыркъым е абы ирата патентым къару имыІэжу къалытэ, а цІыхур Урысей Федерацэм и щІыналъэм щымыІэмэ зэрыпэхыфІым теухуа унафэ а хабзэм ипкъ иткІэ къащтамэ.

Тхыльыр зэрырат пІалъэр, абы и пІалъэм зэрыхагъахьуэ щыкІэр

Патентыр зы мазэм къыщыщІэдзауэ мазищ пІалъэм тещІыхьауэ ират. А пІалъэр мызэ-мытІэу сыт щыгъуи мазищкІэ хуагъэІэпхъуэ хьунущ. Абы щыгъуэми, патентыр зэрыратрэ псори зэхэту мазэ пщыкІутІым щІи-мыгъуу.

Патентым и пІалъэр ягъэІэпхъуэу ежьмрэ, ягъэуна хабзэм ипкъ иткІэ зэфІигъэкІ лэжьыгъэм тещІыхьауэ яІэ зригъащІу налог итамэ. Абы щыгъуэм патентым и пІалъэр хуагъэІэпхъуэну лъаІуэу Урысеим и ФМС-м и щІыналъэ къудамэхэм зыхуагъэзэн хуейкъым.

НэгъуэщІу хъужькъуэмэ, патентым къару щиІэ зэманыр еух налогыр зытещІыхьа зэманыр щыблэжьа етІуанэ махуэм.

Патентыр зэрыратрэ мазэ пщыкІутІ дэкІа и ужь, пункт 54-м и 1-5-нэ пункт лъабжьэхэм щыгъбыхуа хабзэхэм ипкъ иткІэ, нэгъуэщІ къэралыщІ уэхущІ патентышІэ къратын папщІэ Урысеим и ФМС-м и щІыналъэ къудамэхэм захуигъэзэну.

Урысеим и ФМС-м КЪБР-м щиІэ къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

(КІэухыр. Пэщ Іэдэзэр 1-нэ нап.).

Зыхуэмыныкъуэ хэтакъым

«2020 пщІондэ Кавказ Ищхъэрэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер. 2010 - 2012 гъэхэм я программэр» щІыналъэ зэхуэку конференцыем и ящ мах уэр «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІхэм я деж кІэ щыщауэ икІи Іуэхугъуэ щхьэпэхэмкІэ гъэнщІауэ щытащ.

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ, политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм и тІащІэ **Грыз лов Борис** зи пашэ хьэщІэхэр щэджагъуэ нэужьым Налшык кхъухьэтапІэм щыгъупластэкІэ кьыщІрагъэблагъэ КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр**, Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспекцэм нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Правительствэм щыщхэм, республикэм и хабзэгъэуэ органым и депутатхэм, партым и щІыналъэ къудамэм и лыкІуэхэм.

ЯпэкІэ щІыкІэ ахэр кІуащ нэгъабэ фокладэ мазэм кьыдэІуаха «Борэн щэкІ» ООО-м и хэщІапІэм. Грызлов Борис дихьхьэу зыхигъэгъуэзащ «Борэн» тырку компаниемрэ «КЪБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентство» ОАО-мрэ я мылъку зэхэлъкІэ къызэрагъэпэща предприятэм и ІуэхущІафэм, и Іэдакъэщэ кІэхэр зыхуэдэм. Мы зэманым абы щыху 500-м нэблагъэ щолажьэ, и лъэщагъым хагъахьуэмэ, аргуэру Іэнатіэ 300 щыІэзэуахынущ. Кьыщежьэжьым хьэщІэм тыгъэ хуащІащ я партым и дамыгъэр зыхэдыкІа цыджанэ. Кьыкіэлъыкіуэу Къэрал Думэм и УнафэщІыр «Фарма интернешнл» урыс-иордан компание Іуэхущ Іапіэ зэхэтым щыІащ. Абы цІыхуитІ 105-рэ щолажьэ, 2012 гъэм ирихьэлІэу аргуэру 200-м нэблагъэ кьищтэнщ. Апхуэдэу хьэщІэхэм Налшык щауху чыристан члисэр зрагъэпэгъуащ, мыгувэу кьыдэІуахынущ «Гладиатор» спорт комплексыщІэр зыхуэдэм епльащ.

ИужькІэ ищІагъ палатэм и Іэтащхьэм Іыхьитхуу зэщхьэщыкъуэ ирагъэкІуэкІа щІыналъэ зэхуэку конференцым и кьрикІуаэхэр Налшык дэт Къэрал концерт гъэльэгъуапІэм щызэхилъхьэжащ.

- Секцитхум я лэжьыгъэм кърикІуам ипкъ иткІэ, абыхэм зыщыхэпльа Іуэхугъуэ 78-м нэхъ мыхьэнэшхуэ зэ тэ ту икІи нэхъ кууэу гъэхьэзырауэ къэтІльытэу проект 15 кьыхэтхащ. И зэхуэдитІыр Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым и щІыналъэхэм я екъулІэныгъэ хэр кьыщыхэтІльхьэну выставкэм щагъэльэгъуэнущ, 7-м пленар зэІущІэм дыщытепсэльыхьынущ, - кьыхихгъэщащ абы. - Ялэ секцым - «Инновацэ ІэнатІэхэр: промышленностымрэ энергетикэмрэ» жыхуиІэм - проект 27-рэ щыІэпкърахащ. Псори зытещІыхьар зыужьныгъэрэ, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ защІэ. Округ ым экономикэм и лъэщІагъыр къомэщІэкІ, Араш Іэнатіэхэр щІыпІэзэубыдари.

Грыз лов Борис кІыхьэригъэльэгъуамкІэ, СКФО-м и лэжьэфыну исым и процент 11,4-р илъэсым и ягъэ мазищым Іэнатіэщ зу ятІащ. Лажьэхэми кьаХь щІэжьым - зи гугъу тщІы зэманым курыубыдэу ику иту ар мазэм зэрыхъуар сом мин 11-м щІигъуэ. Апхуэдэ щытыкІэм кьегъэуэ хуэфащэ улахуэ кьыхэпльэкІуэну Іэнатіэщ ІэхэкІ зэрыхуэмыІэ ар гъащІэм хьэрычэт Іэнатіэ щІыкІуэзм. Зы лъэныкъуэкІэ ар гъащІэм кьигъэуэ кьаІэнщ. Псальэм папщІэ, округым щІыуэ иубыдыр Урысейм и щІыналъэм и зы процентым нэсщ, ауэ къэралым ІэщІыщхуэу щагъэхьуэм и процент 10-м нэблагъэр абы хуозэ. КьыщІыпэмыщІауэ, япэ мазищым кьрикІуам ятепщІыхьмэ, Іэщхэкіуэ кьыщалэжьым процентэ 6,2-кІэ, былымым лыуэ ирагъащІым процентэ 7,7-кІэ хэхъащ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ кьаплъэмэ, АПК-м нэхъыфІу зиужьыкъуэжьэми нэхъ псынщІэу зауэзщІынущ. Кавказ Ищхъэрэм ІэщІыщхуэу щаІыгъым и процент 79-р унагъуэхэм, хьэрычэт Іэнатіэ щІыкІуэзм яІщ. Абы щІыхуэхэм фейдэ кьахуихьын щхьэкІэ, Іэщхэкіэм зэрелэжь, ахэр зэращІынум зэрыхуагъэхьэзыр щыІкІэм нэсу зегъэужьыпхъэщ.

«Уэзнщагъэ» секцэм кьыщыхалъхьа проектхэм я гугъу щищІым, хьэщІэм кьыхигъэщащ лъэныкъуэ щхьэхуэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэр Урысейм зэрыщІыпэрытыр, абыхэмкІэ зэрыщащхьэр. Ар демографие щытыкІэр зыхуэдэрщ, хэхъуэ хьарзынэ зэрэІэрщ.

- Илъэсым и япэ мазищым кьриубыдэу округым сабий мин 17 кьыщалъхуащ. Шэч хэмылъу, ахэр медицинэ и промышленностым АПК-м увыпІэ хэха щиубыдынущ, хадэхэзнЫуэ нэхъыбэ тІщІэкІ, иджырей теплицэхэр къэдгъэсэбэпынущ, технологие пэрытым тету псынщІэу зызыужь пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэр зетхъэнущ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Арамн, хэдэхэмкІэ и зэфІэкІыр псом япэу зэлъытыжар промышленнэ комплексым и щытыкІэр зыхуэдэрщ. Зэман кІыхькІэ къагъэувыІа Іуэхущ Іапіэхэр кьызэрыдгъэщІэрэщІэжьыным яужь дитщ. Апхуэдэу ГЭС щыкІуэхэр духуэну Іэмалыфіхэр диІэщ, гипскІэ, мывэкІэщхькІэ, пшахъ уэкІэ ди щІыпІэр кьулейщ. Абыхэм я кьыщІэхьпІэхэм Іэнатіэхэр щызэтебублэ хьунущ. Солдатскэ станцым кьыщыщІэдзауэ Тырныауэ къаІэм нэс километр 95-рэ зи кІыхьагъ гъущІ гъуэгу кьудамэ щыдоухуэ. А проектыр 2030 гъэ пщІондэ УФ-м и гъущІ гъуэгу транспортым зэрызэнужьнум и стратегием хагъэхьащ, илъэс къэс псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 900 ттынущ.

Президентым кьызэрыхигъэщамкІэ, хьэрычэт Іэнатіэ щІыкІумрэ курытымрэ дэІыбыным гулыпІэ хэха хуащІ. Республикэм щІэныгъэщхуэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэльэгъуэ и мащІэкъым. Ар къалытэу федеральнэ статус зиІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я комплекс Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыхэгъэпщынри хэкІыпІэфІт. Кьанокъуэ Арсен кьигъэльэгъуащ социальнэ, экономикэ зыужьныгъэ я лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІмэ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ пэрытхэм ящыщ хъуну республикэм Іэмал псори зэриІэр.

КЪБР-м и Президентым жиІаэр зэрыдаІыгъыр кьыхигъэщри, Грызлов Борис модераторхэм (секцэхэм я ныбжьыкІэ зэрыщІэкІхэм) псалъэ яритащ. Зэрыубзых хам тету, я зэІущІэхэм кьыщыхаха проектхэм яІэ ефІэкІыныгъэхэр зэпкърахащ Дагъыстэн Республикэм Инвестицэхэмрэ къэралыщІэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и агентствам и унафэщым и кьуэдзэ Самедов Магомед, Ставрополь къэрал аграрнэ университетым и ректор Трухачев Владимир, Владикавказ къалэм и 7-нэ поликлиникэм и докутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Фидаров Александр, Ставрополь крайм и Правительствэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Ефремов Георгий, Кавказ Ищхъэрэ кьэрал техникэ университетым и ректор Синельников Борис сымэ.

ЗэІущІэ нэужьым Грызлов Борисрэ Къанокъуэ Арсенрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап ираташ.

ЩІыналъэ зэхуэку конференцым и лэжьыгъэм дыгъуасэ Нартсанэ щыпащащ.

ГЪУЩІО Зарифэ
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●ДифІ ягъэлъапІэ

Жыджэрагъыр къэІэтыным и хэкІыпІэ

Мэкъуауэгъуэм и 28-м УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Хьэрэ Думэм щекІуэкІащ «Социальнэ информацэр щІэблащІэм я граждан жыджэрагъыр къэІэтыныкІэ хэкІыпІэщ. Хабзэ мардаэхэр зэрызэтегъэувар» зэІущІэщхуэ.

АБЫ ХЭТАЩ Къэрал Думэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ Тараканов Павел, щІалэгъуалэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа программэхэр гъэзэщІэным хуэгъэпса «ЩІалэгъуалэр я дуней» щІыналъэ зэхуаку жылагъуэ фондым и президент Мартынов Евгений, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм я лІыкІуэхэр, апхуэдэу социальнэ рекламэмкІэ урысейпсо зэпеуэм щытекІуэхэмрэ аугреат щыхъуахэмрэ.

«Іуэху епльыкІэщІэ» фІэщыгъэр зиІа а зэпеуэм щыхьэжаныкІахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛІыкІуэхэри. «Си къэкІуэнур сэ къызэгурыІуэнэщыхь» номинацэмкІэ конкурсым щытекІуа Лазниковэ Еленэрэ социальнэ видеоролик номинацэмкІэ Интернет ІэІэтым и иужьрей Іыхьэм хэхуа Бондаревэ Ксениерэ дипломхэмрэ тыгъэ лъапІэхэмрэ къратащ. Нотикинэ Стелэ мы зэІущІэм ирихьэлІэфакъым, ауэ абы и плакату тІу Интернет ІэІэтым и кІэух Іыхьэм хэтащ.

КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэ хэмкІэ, жылагъуэ зэрыхьэныгъэхэм я ядэлэжьанымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ДэІэпыкъуну хьэзырщ

Испанием и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм къызэратымкІэ, я премьер-министр Хосе Луис Радригес Сапатерэ Сириемрэ и президент Асад Башар Іуащіа ящхьэжиІащ Испаниемрэ, Франджым, Италиемрэ къэрал щІыбІуэхухэмкІэ я министрхэр Іаз секторым зэрагъакІуэр.

Абыхэм я кьалэнщ палестинэ щІыналъэм уихьэ-уикІ хъууэ Израильм хуит зэрищІыжьыкІэр зохагъэкІыну.

Сапатерэ зэрыжиІамкІэ, КъуэкІыпІэ Гъунэгъуэр Испанием гулыпІэ хэха зыхуищІ лъэныкъуэщ. Абы Сириемрэ президентым зэрыжриІамкІэ, и къэралыр хъэзырщ Дамаскымрэ Тель-Авивымрэ я зэхуцІытыкІэхэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ, ахэр тэмэму зэпсэльэныжьмкІэ сэбэп хъуну.

Сириемрэ и Лъщхэм кьыхигъэщащ Израильмрэ Палестинэмрэ зэгурыІуэныжьм хуэунэтІуэ Испаниемрэ куэд зэрыхуэзэфІэкІынур.

Президентыр ягъэтІысынут

**«Рейтер» хъыбарегъащІэ агентствэм дыгъуасэ къызэратамкІэ, Колумбием и президент Мануэль Сантос хуэ Хуан Мануэль Сантос Колумбием и дзэзешэ нэхъыщхьэу щыщытам, ар убыдыи зэрыхуеймкІэ ордерым Эквадорым Іэ щыщІадзат. А ордерым кьаруезыт унафэр зыми зэкІэ икъутэжакъым. Эквадорым и хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм Сантос гужьгъэжь хуаІэ хьащ 2008 гъэм и гъатхэгъэм. Колумбием и дзэм къэрал гъэпсыкІ Іуфэм (Эквадорым и щІыналъэм иту) операцэ псо щригъэкІуэкІри, «Колумбие революцэм и Іэщэкі зэщІэуэзэда къарухэр» (РВСК) зыфІащыжауэ зыкъэзыІэтахэм кІэ яритат. А Іуэхум и ужькІэ, якІаХэм я хьэдхэр Колумбием и щІыналъэм кьаплэжауэ, Сантос жиІащ хэкІуэдахэм яящыщ зыр Эквадорым и щІыхуу.

- Сантос щІэпхъаджащІэщ... - жиІащ Корреа, ар гъэтІысыным теухуа унафэр зэримыхъужьынур кьыгъэлъагъуэу.

ЩыщхьэІум и 7-м Колумбием и президентыр тхъэрыІуэм ирагъэІэнуфу, ильэсэ 4-кІэ зыпэрытыну кьулыкъым пэрыувэнущ. 2014 гъэ пщІондэ ар игъэтІысыну Эквадорым къехьулІэныр фІэщ щыІыгъейщ.

Зэхуэу зэпытщ...

Тыркум и нищ-къэжьІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Хаккярм щІыпІэм дыгъуасэ кьыщыхуха

Тыркумрэ Жыджэрагъыр зэпхыныгъэ ин зиІэ щІыналъэхэрэ зэпэщІэтыным и щапхъэ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

НОБЭ

❖ Соломон хьтІыгухэм я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1978 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

❖ 1971 гъэм КІыщокъуэ Алим СССР-м и литературэ фондым и унафэщІу хахащ.

❖ 1830 гъэм адыгэ бэракъ удыфэр щэрджэсхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ мамырыгъэм кьыхуеджэныкъэ я нэщэнэу кьащІащ. А бэракъым адыгэ лъэпкъ Іуэхухэм я щІэныгъэ ящІ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Насып зиІэм фыгъуэгъуи иІэщ.

Гъэзетым и редакцэм и унафэщІ **ТЕУЖЭН Аслан.**
Редакцэм и адрес: 385000, Адыгэ Республикэ, Мыекъуапэ къ., Пушкин ур., 289.
Телефонхэр: 52-59-41, факс 52-59-41.
Гъэзетым и корреспондентхэр: 52-59-42, 52-59-43.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэузэнырыгъуэ: 52-59-44.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-45.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-46.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-47.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-48.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-49.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-50.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-51.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-52.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-53.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-54.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-55.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-56.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-57.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-58.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-59.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-60.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-61.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-62.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-63.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-64.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-65.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-66.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-67.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-68.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-69.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-70.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-71.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-72.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-73.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-74.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-75.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-76.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-77.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-78.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-79.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-80.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-81.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-82.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-83.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-84.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-85.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-86.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-87.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-88.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-89.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-90.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-91.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-92.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-93.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-94.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-95.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-96.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-97.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-98.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-99.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-100.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-101.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-102.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-103.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-104.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-105.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-106.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-107.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-108.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-109.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-110.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-111.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-112.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-113.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-114.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-115.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-116.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-117.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-118.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-119.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-120.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-121.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-122.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-123.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-124.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-125.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-126.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-127.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-128.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-129.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-130.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-131.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-132.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-133.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-134.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-135.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-136.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-137.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-138.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-139.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-140.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-141.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-142.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-143.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-144.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-145.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-146.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-147.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-148.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-149.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-150.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-151.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-152.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-153.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэфІэувэнырыгъуэ: 52-59-154.
Гъэзетым и ІэнатІэр зэф

Къалэн щхьэхуэ

Шууейхэр Ростов областым нэсащ. *1966 гъэ.*

Блэкіа лэщыгъуэм и 60-70 гъэхэм ди щіалэгъуалэ газетым щылажьа гуп зэкъуэтыр зэрыщымыІэжрэ куэд щіащ, ауэ а зэманым журналист нобэми кІэрыхуахьым. Си псалъэхэм а щыхьэгъэ газетхэм, литературэ журналхэм кьытехуэ тхыгъэхэр, кьыдагъэкІ тхытхэр.

Псалъэм и хьэтыркІэ, сэ кьыздеджа Къхуэлуфэ Хьэчим хахащ Къэбардей-Балъкъэрым и Тхакіуэхэм я союзым и правленэм и унафэщіу, УФ-м и тхакіуэхэм я апхуэдэ зэгухьэныгъэм и секретару. Пэхьапэм ар республикэм телевиденэмрэ радиомкІэ и комитетым и Іэтащхьэу лэжьащ, нтьэс зыбжанэкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым и къудзэгу щытащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакіуэ, журналист, жрагъ, тхакіуэ акъылыфІэ Къхуэлуфэ Хьэчим гуащіэшхуэ лэжьыгъэм нрихьэлІащ. Нобэ дэ зи гугъу фхуэтщІыр Къхуэлуфэ - журналистым зэфІигъэкІа Іуэху щхьэпэ дыдэщ.

***А зэманым Хьэчим «Советская молодежь» газетым и редакцэм щылажьэрт. Дауи, Іуэху Іэджи я пщэ къыдэхуэзт, ауэ апэ нригъэщІыр я Хэку фІыуэ ягъэгъуным ныбжьыщІэхэр хуаущиныжмрэ тхакіуэ, усакіуэ ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэнымрэт. Хьэчим мазэ кэзс итхьэхьэзырыртди газетым и «Багъуэдзэ-патриот клубым и лэжьыгъэм теухуа нанэкіуэцІкІэр. Абы къытригьадзэрт «Апхуэдэу зэуащ ди адэхэр», «Уэ сыт хуэдэу къулыкъу пщІэрэ?» фІэщыгъэцІэкІэм щІэ т тхыгъэхэр. Хэку зауэшхуэм хэлъэдахэм я фІеитыкір хьэчим зэрыуэйм ар хишащ 115-нэ лъэпкъ щу дивизэм зэхуэхэр къэхутэным теухуа зекіуэм.*

Балъкъэрым и цІэр фІащащ».

Хьэчим Московскэ хуторым зыщрихьэлІар кьытхуиІуэтэжат:

- ЩыпІэ совхозым и лэжьакІуэ Атрохов Владимир кьыдэжкІащ: «Ди деж щыщІалъхьащ фи лъахэгъу Іуанэ Хьэцу Дзырэ и къуэр». Щыхухьым езым и пщІантІэм дищащ. Жьыг хадэм и бгъум Іуащ-хьэ щыкІу щыбольэгъу, ихъуреягъым бжэгъу щыкІуэр щыхэтІащ. Іуащхьэ щыгум рознтІ щыгъэнэрт. «Мыбдеж тІу щІэлтщ, - жиІащ Атроховым, - фи Іуанэ Хьэцурэ нэгъуэщІ зы урыс щыІэрэр».

Къхуэлуфэ Хьэчим Новониколаевскэ станицэм къыритыкІащ:

- 1942 гъэм щыщхьэІум и І-м бийм кынуэхуреихьащ 316-нэ, 297-нэ полкхэм ящыщу кьэна гупхэр. Мыбдеж лежьгъэ яхэлъу я псэр щаташ 316-нэ полкым и унафэщІ майор Захаровым, лейтенант Ивановым, лейтенант нэхъыщІэ Кьардэным, сержант Тауеновым, Холаевым, Гаппаевым, нэгъуэщІ куэдхэм. ЩыпІэм щыпсэхэм кьыджаІащ нэмыщІэм совет зауэлІхэм я хьэдэжь силос машщэхэм зэрыраздзар. Дагъэлъэгъуащ а машщэхэм ящыщ зыр. ЩІы щхьэфэр машщэу зэрытетхъуу кьэдгъуэтащ фашистхэм хьэкІэкъхьэкІагъэ зэрапэжьам щІихьэт техъхьэкІагъэ зэрапэжьам щІихьэт техъхьэкІагъэ зэрапэжьам щІыхьэт техъхьэкІагъэ зэрапэжьам щІыхь тыдок. Ауэ сыт мыр зищІысыр? Дэ къыщІэтІыкІыр шым и къупщхьэхэщ. КьызэрыщІэкІамкІэ, нэмыщІэм апэ щыкІэ мащэм совет зауэлІхэм я хьэдэжр ирадзэри, шы лІакэр абыхэм традзэжащ. Белкіэ арэуэру долажьэ. Гъущ хъурей гуэркэм даІууащ. Саперхэр кьедджэн хуей хуэдэ. Машэм и Іуфэхэм Іуэ хъуащ къэмыуа лаГъымхэр, гранатэхэр, шэхэр. ИкІэм-нкІэжьым къэтлъэгъуащ щыху кьупщхьэхэр, хъыбий хъуа ашказ бгырыпхэхэр, сэшхуэ улыпихэр, автоматхэр...

Совет зауэлІ щэщІрэщым къащІэнахэр щэкІ пТ щыжь зэшэкІа бэн щыщІрэ щым ярытлъхьащ. Я щхьэкІэр лъахъшІуэ ехьэхауэ зрІя бэныр яхьащ хъэтыкъуейм, Шырытым, Елмэсым, ЛІэужьым. Ди щІалэхэм зыхьэлахьыурэ адрей бэнхэр Новониколаевскэ гъэщІэдзэ школым и пщІантІэм нагъэсащ. Мыбдеж зэхъуэмыкІхъ щащІащ. Пэщтхьелягъуэ пэкІ Іуэ и ужькІэ хуэмурэ бэн псори мащэм ирахьхащ. Псом апэу абыхэм трапхьащ хэкІуэдаэр щалъхъуэ Къэбардей-Балъкъэрым ираха щы тІэкІур. Совет Союзым и гимныр ягъэзэщІащ. Къащхьэм трагъэуащІ фэепІъ дахэ, Налшык щащІаУэ...

«Ставрополь крайм щыщ Иноземцевэ ныуажем дыщІэщІэ. Дэ мыбы дыкъэкІуащ 115-нэ зу дивизэм и унафэщІу щыта генералейтенант Скороход А. Ф. дыІуІэн папщІэ - ар мыбы щопсэу. Дзэм кьыхэкІыха генералым псалъэ гуапэ куэд яхужиІащ зи гъусэу зэуа адыгэхэмрэ балъкъэрхэрэмрэ икІи дыкъигъэгугъащ ди деж къэкІуэну».

Зекіуэм хэтахэр Іэтауэ кьыщІагъэзблэгъэжащ Налшык кьаІэр. Абыхэм ехьэжьауащ комсомолым и обкомым и апэ секретару а зэманым лэжьа Зумакуев Борис. Хьэтыкъуэ Іэбубэчыщ кьыщхэусахэр щыгъуэзащ щыта генерал Скороход Алексей.

Зекіуэм хэта псоми фэеплъ саугъэтэхэр ираташ.

Аргуэру гуэгу тохьэхэр

1968 ГЪЭМ И гъэмахуэм зекіуэм пащащ: гъэзэгу техащІ автомашинэхэмрэ мотоциклхэмрэкІэ. Апэмэ хуэдэу, гупым и унафэщІщ Хьэтыкъуей Іэбубэчыр. Ядекъащ 316-нэ полкым и штабым и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуэгъуу щыта Жьлокъуэ Сэфарбий. Техникэм и щыгтыкІэм кІэлъыплът ди къэралым и мотоцикл спортым и Іэщ-Іагъэлі Берберашвили Алексей. Аргуэру абыхэм яхэтт Къхуэлуфэ Хьэчим.

Абы кьытІэригъэхьа и апэ тхыгъэм дыкъыщІодкэ: «Да аргуэру Мартыновкэ дыщыІэщ. Жьлагъуэм щыщІэсуэхэм удэ гъэгъа дахэхэр траЛъхьащ зэкъуэшыкъхэм».

Адэкіэ пещэ: «А махуэ дыдэм дыщыІащ ильэситІ и пэкІэ зауэлІ 33-м къащІэнахэр щыщІалъхьа Новониколаевскэ хуторым. Иджа а зэкъуэшыкъхэр бжыхькІэ кьахэухащ: еджапІэм и щыхьэпІэм укъыщоджэ: «115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щу дивизэм и щІэр зезыхьэ Новониколаевскэ пэщІадзэ школ». Зэныбжьэгъугъэ пэкІу екІуэкІащ.

Ди корреспондентыр тетхьащ ди лъахэгъэхэм ЛыгъэІ щызэрахьа Котельниковэ районым щыщІэ зэІуцІэхэмк. Абы щыІэ зэкъуэшыкъхэм совет зауэлІр 150-м я хьэдэхэр щІэтыщ

Мэмай къуэщІрыІуэми ахэр щыІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэм и щІакІэ Сталинград и лІыхъужьхэм я фэеплъым удэ гъэгъа Іэрамэ траЛъхьащ.

Гъуэгу тетхэр Къалмыкъым нэсауэ Къхуэлуфэм кьытхуитхащ: «Дыгъэ бзий гуащІэхэм губгъэр ялыпщІащ, абы кІуэцІрыкІ гъэпу закъуэр сабэм щІигэнащ. 1942 гъэм и фокІадэмрэ жэпуэгъуэмрэ мыбдеж 115-нэ щу дивизэм километр 50 зи кІыхьагъ щыпналъэр щихьумащ, 51-нэ армэм дэІэпыкъуу. Щууейхэр пэлъэщащ кьыхуагъэува кьалэным. Ахэр, уебгэмэ ялынькъуэхэм деж биймебгъэрыкІэрт. Цаган-Нур къуажэм и гъунэм Іутщ дивизэм и штабыр зыщІэса унэр. Жьлокъуэ Сэфарбий кьиІуэтэжащ Сарпэ гуэлым и Іуфэм тІас хъэщІэхэхэм щыэфІагъэкІа Іуэхуэгъэ. Пщыхъэщхьэм щыпІэ совхозым и клубым зэныбжьэгъугъэм и пшыхь щекІуэкІащ. ЕтІуанэ махуэм Сарджаепов М. и фэеплъым и деж щызэхэта пэкІм унафэ кьыщащтащ къуажэм и уэрамхэм ящыщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щу дивизэм и гупым щыщІэ Іуэхуэ. Къащхьэм трагъэуащІ фэепІъ дахэ, Налшык щащІаУэ...

«Ставрополь крайм щыщ Иноземцевэ ныуажем дыщІэщІэ. Дэ мыбы дыкъэкІуащ 115-нэ щу дивизэм и унафэщІу щыта генералейтенант Скороход А. Ф. дыІуІэн папщІэ - ар мыбы щопсэу. Дзэм кьыхэкІыха генералым псалъэ гуапэ куэд яхужиІащ зи гъусэу зэуа адыгэхэмрэ балъкъэрхэрэмрэ икІи дыкъигъэгугъащ ди деж къэкІуэну».

Зекіуэм хэтахэр Іэтауэ кьыщІагъэзблэгъэжащ Налшык кьаІэр. Абыхэм ехьэжьауащ комсомолым и обкомым и апэ секретару а зэманым лэжьа Зумакуев Борис. Хьэтыкъуэ Іэбубэчыщ кьыщхэусахэр щыгъуэзащ щыта генерал Скороход Алексей.

Зекіуэм хэта псоми фэеплъ саугъэтэхэр ираташ.

Шууейхэр йожьэ. Зэпэ итыр Хьэтыкъуей Іэбубэчырщ. *1966 гъэ.*

Зекіуэ ежьахэр Иноземцевэ станицэм щохъэщІэ. Абыхэм ябгъэдэсщ генерал-майор Скороход Алексей. И жьымкІэ я апэу щысыр журналист Къхуэлуфэ Хьэчимщ. *1966 гъэ, мэкъуэгъуэгъэ мазэ.*

«Дыщалъхуа Кавказым папщІэ!»

ЗИ ГУГЪУ щыІэ зекіуэм и апэ Іыхьэр хуэзащ 1966 гъэм и гъэмахуэм. Абы хэтащ щыхьу 40. Ныбжьыщіэхэм я гъусэу абы щыгъуэм гъуэгу техьащ дивизэм щызэуахэу Шырыт Хьэжсет, Елмэс Іэбу, ПІэужь Сулътан. Сымэ. Ежьахэм я унафэщІу яГъэуващ дивизэм и тІасхъэщІж Іэнатіэм и Іэтащхьэу щыта Хьэтыкъуей Іэбубэчыр, комиссару - комсомолым и обкомым и къудамэм и Іэтащхьэ Сарбашев Магомет. Комсоргэу ЩыІэ Арщыщан щыщ колюхэзт Къатинэ Хьэутий.

КъэхутакІуэхэм яхьэхьащ «Советская молодежь» газетым и къэхутакІуэ Къхуэлуфэ Хьэчимк. Зекіуэм егупъуу зыхуагъэхьэзыращ. Шым Іэкіуэльэкіуэу тесьащ, ар зезыхьэр щыхухэрт кьыхахьир, гъуэгуанэшхуэ зэпачыну кьапэщІыльти.

Ежьэн и пэкІэ Къхуэлуфэ Хьэчим 115-нэ щу дивизэм и кьекІуэкІыкІам теухуа хьыбархэр зэхуихьэсащ.

- 115-нэ дивизэр кьыдэрэгъэзащэщ кьудейр щыхьэт тохъуэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм я Хэкум зэрыхуэпэжьым, - етх абы. - Шуудзэм хэтахэм я нэхьыбЭр абы хьэхэну хуейхэм кьыхахащ. А зэманым абы куэду тетхьыхьащ республикэ газетхэр.

«Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым кьытрадзащ Киреев Михаил и «Сэшхуэхэр япсыхьэ репортажыр, зауэм Іухьэхэм жаІэр кьэзыІуэтэжьыр. Комсомолым хэт Лэкъун Александр жиІащ: «Сэ хуажьыбу сыхуейщ зыри зытемыкІуэну коммунист партым сыхэту нэмыщІ дзэшист зэпхьуакІуэхэм сапэщІэувэну. Ахэр зэтезыкІнущ лъы сщІэтыхьу...» «Сэ си кьуэшищ зыри щыІэщ. Мыгувэу сэри абыхэм сакъуэзывэнущ», - мы псалъэхэр зейр Бахьсэн Ипщэ щыщ Гызыев Абдулш.

Къхуэлуфэ Хьэчим Іэ хуэмыдэу гулъытэ хуищІащ Гызыевым и цІэм, сыту жьыпІэмэ, и пашхьэм ильт нэгъуэщІ тхыльмпІэ - фронтым кьинкІыу ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Щыхубэ Комиссарэм я Советым кьыхуагъэжьа письмор. Зыкьызэрыхуагъэзам Іэ щІадзат 4-нэ щу корпусым и унафэщІ генерал-лейтенант Шапкин, абы политикэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэ полковник Степанченкэ, политикэ къуэдзэ и Іэтащхьэ подполковник Чиковани сымэ.

«Бийр хэдгъэщІэнщ, - итт тхьигъэм, - дытекІуэнщикІи адэжьм я кьуэжьэм ухьажьэтэжьнщ кІыхьжьыкІ - балъкъэр щІалэ хъарзынэ Гызыевым - кьигъэльэгуа хахуагъэм теухуа хьыбар. НэмыщІ дзотхэм ди щууейхэр пъэрыщІыкІ ящІырт. ЕбгъэрыкІуэнЫр ужьыхат.

Абдеж щтэІэщтаблэ хьуа зауэлІхэр «Дыщалъхуа Кавказым папщІэ!» псалъэхэмкІэ кьыхэзщІыІэтащ политрук нэхьащІэ Гызыев Абдул. И лъакъуэм щэ кьыгтеХуамн, ар къэувыІакъым. Бийхэм я дзотым бгъэдэлъадэрэ, гранатэхэмкІэ пулеметыр иКъутащ, абы Іусахэр зэтрикІащ. Къэгушхуа зауэлІхэр ипэкІэ КІуэтащ.

Гызыев Абдул хэкІуэдащ, ауэ зэрихьа лІыгъэ нобэми ящыгъупщакъым.

ИгъащІэкІэ ящыгъупщэжьнукъым

ЯПЭ ХЪЫБАРЫР Къхуэлуфэ Хьэчим Батайск щІэтыкІащ. Мис ар:

- «Батайск дэ кьыгТуащІащ мэкъуэуэгъуэ дыгъэпс гуакІуэкІэ. Мыбдеж 1942 гъэм и мэкъуэуэгъуэ жащым 115-нэ щу дивизэр мафІэгум кьыщикІащ. Нэ ху щыху нэмыщІ бомбэхьэ кхъуэхьэтэ хэр гъущІ гъэзгу станцэм щхьэщыстащ. ИхъуреягъкІэ щыхьэт. Мыбы икІри зауэлІхэр е жьащ хухаха щыпІэм кІуэну.

Ильэс 24-рэ дэкІа иужь - 1966 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 28-м - адыгэ фащкІэ хуэдэу мыбы кьэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэр - зи гугъу тщІы щу дивизэр щызэуа щыпІэхэр кьэзыхуэтэхэр.

Ипэ зиІэгъэщынщи жьыІэнщ, зекіуэм и ужькІэ Къхуэлуфэ Хьэчим пІаІъ дивизэм теухуа хьыбарэр зэрызэхуэхьэсар. А лэжьыгъэм и Іэужьу урысыбзэкІэ дунейм кьытехІащ «Верность подвигам отцов» тхьылъэр. Зауэ гуащІэм хэта дэ тхэнэри гулъытэншэ ищІыркъым ар зытхам. Мыращ абы зекіуэм и унафэщІу щыта Хьэтыкъуей Іэбубэчыр щхьэкІэ жиІэр:

«Ар хуабжьу цІэрыІуэ хьуащ «115-нэ щу дивизэм икІуа зауэ гъуэгуанэр-тхьылъэр кьыдэкІа нужь. Іэбубэчыр, зи ІэщІагъэм кууэ хэзыщыкІ офицерыр, щуудзэм хэтащ кьыщызэрагъэпэщам щыщІэдзаэ, полкым и Іэтащхьэу, дивизэм и тІасхъэщІэх Іэнатіэм и унафэщІу щыта».

Хьэчим Шырытым теухуаэ етх: «Хьэжсет партым и райкомым и секретарь кьулыкъур кьигъанэри, фронтым кІуащ. 297-нэ полкым и комиссару щыта. Сал псым и Іуфэм уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ..

Гъэзгу тет дивизэр Батайск икІри, Дон Іус Ростов и гъунэгъу Ольгинская станицэм кІуащ, ар абы мазитІкІэ щыІащ.

Ди нэхьыжьхэр мыбдеж щызэбгрыкІащ: зым кьинГъуэтыжащ полкым и штабыр зыщІэса унэр, уебгэмэ зауэм кьела жьыгхэр кьащІыхужащ.

Хьэчим редакцэм кьриГъэхьырт зыдэщыІа щыпІэхэм щигъэзыжьра тхьгъэ мынэхр. А зэманым сэ газетым жэуап зыхь секретару сыщщІажьэрт икІи редакторым и кьалэнхэрп зГъэзащІэрт. Къхуэлуфэм и тхыгъэхэр кьытІэрыхьэнымы дыпэплъэурэ, корректор Харенко Ілатэрэ сэрэ газет кьыдэжьІыгъэр дгъэгувэрт.

Хьэчим зэгуэр кьытхуитхащ: «1942 гъэм и гъэмахуэм дивизэр нэхьыбэу щызэуар Мартыновкэ районырщ, ЩыхуэкІи техникэкІи кьебэкІ пэтми, ди зауэлІхэм зэманыфІкІэ зэтраГыхащ хьэпхьэхьрыІуэ хьуа бийр. Шухэр танхэм япэщІэуват.

ЛІы куэд дыдэ щагъэжащ Батлаевскэ станицэмрэ Московскэ хуторымрэ я зэхуакум. Мыбдеж мэкъуэуэгъуэм и 26-27-хэм 297-нэ полкым офицерхэм я процент 75-р, зауэлІ кьызэрыгэкІхэм я процент 40-р щыфІэкІуэдащ. Шырыт Хьэжсет мы щІыпІэм кьыщІэжащ зэхуэх хэр зэрекІуэкІа щІыкІэр, дыдейхэм лІыгъэшхуэ зэрызэрахьар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэр Мартыновкэ Инми щыІащ. Мыбы щызэуащ 316-нэ щу полкымрэ 155-нэ танк бригадэмрэ. ЩыпІэм щыпсэу нэхьыжьхэм кьыщжаІэжащ ди зауэлІхэм жылагъуэм и уэрамхэм фашист танк 38-рэ зэрыщакьут

Адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным хуэгъэпса ТВ

Абыдэ Мэжид, Дыгъужьокьуэ Мухьэмэд-Хьэмид, Анскьуэ Симэ сымэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щохьэщэ.

**Адыгэу дунейм щыкъухьаxэр зэзышлалІэ, зэкъуэзыгъэувэ, зэрызыгъашІэ Іэмалхэм ящыщ зыщ, я нэхъыфІщ жыпІэкІэ ущыуэкьым апэ теле-радио адыгэ спутник каналу Иорданым и кьалащхьэ Амман щыІэ «НАРТ-ТВ»-р (National Adiga Radio & Television), Хэкурыкъэрэ Тыркуку, Сирие, Иордание, Германие, Австрие, Франджы, Голландие, Норвегие, Швейцарие, Прибалтикэм хыхьэ нэгъуэщІ кэралыгъуэхэми щыпсэу адыгэхэри йопльыф льэпкъым джкІэ мыхьэнэщхъуэ зиІэ я каналым. АбыкІэ къагъэльагъуэр концертхэр, цыхъу щхьэхуэхэм я гъащІэм, тхыдэм, щІэныгъэм, гъэсэныгъэм щытепсэлъыхь. сабийхэм яхуэгъэза нэтынхэр, документальнэ, художественэ фильмхэр, щыпІэ зэхуэмыдэхэр хэщІапІэ зыхуэхъуа адыгэхэм я псэукІэм дыщагъэгъуазэ. Нэхъыщхьэращи, зы жэщ-махуэм кьриубыдэу сыхьэт 24-кІэ адыгэбзэр зэхьубох. КьытщІэхьуэ щІэблэр гъэсэныжкІэ ар зэрыдэпэпыкъуэгуфІыр, абы къару льэш зэрпІэр гурыІуэгъуэщ.

«НАРТ-ТВ» уней каналым и лэжьыгъэр щагъэпсынщІэ адыгэ республикэхэм я телевиденэхэм (я фондым хэль нэтынхэр ират), жылагъуэ, щэнхабзэ, гъуаздж лэжьакІуэхэм, журналистхэм, щІэныгъэлІхэм. Абыхэм адыгэ телевиденэм и зэфІэкІыр нэхъыбэ, и программкэр нэхъыфІ, щІэщІыуэ ящІ. Ахэр мыкльыпэри, я Іуэху зыІутым къулыкъущІэхэр щагъэгъуэзэну, зэрызыщІагъэкъуэфынухэр яубзыхуну каналыр зыгъэлажьэ щІыхуищ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм кьэкІуащ. «НАРТ-ТВ»-м и унафэщІхэу Абыдэ Мэжид, Дыгъужьокьуэ Мухьэмэд-Хьэмид, менеджер икІи журналист Анскьуэ Симэ сымэ хэкум зэрыщыІа зэман кІэщІым кьриубыдэу пщІэнщІэу зы дакъикьи ягъэкІуэдакьым. Ахэр хуэзащ республикІэхэм я президентхэм (КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Эдуард республикэм зэрыщымыІэм кьыхэкІыу ІущІэфакьым), кьулыкъуэхьэхэм епсэльащ, щыхъу гъэщІэгъуэнхэм, хэкужьыр зэрыщІэрыІуэ щыпІэ дахэхэм, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм, гъуазджэм, нэгъуэщІ Іэджэми теухуа нэтынхэр куэду трахащ.

Я зекІуэм хыхьэу хьэщІэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм кьызэрыщІыхьар къэдгъэсэбэпри, каналым нобэ иІэ зэфІэкІхэм, мурадхэм, хьуапсапІэхэм ахэр тедгъэпсэлъыхьащ.

- Абыдэ Мэжид, Нэгъуей Гъанди, Дэгъыстан Самир сымэ кьызэрагъэпэща «НАРТ-ТВ»-р ильэсищ льандэрэ мэлажьэ, - щыцІэзгъуазэгъуазэуэ псалъэмакьыр зэхчуфлІэ каналым и унафэщІхэм ящыщ Дыгъужьокьуэ Мухьэмэд-Хьэмид. – Хьэрычэт Іуэхуу кьызэІуахакъым каналыр, мурад нэхъыщхьэр адыгэбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэныгъ, абы щыхуэ нэхъыбэ щыгъуазэ щІынырщ. АпхуэдизкІэ куу хьэрыкІэ зыщымыгугъа телевизионнэ каналым мазэ бжыгъэкІэ щІалэгъуалэр пщІэнщІэу хуэлэжьащ, льэпкъ Іуэхуу зэрыщытым щыгуфІыкІыуэр, иджы улахуэ яхуэдгъэуващ. Ди жаГъуэ зэрыхъунщи, каналыр зыхуеиныр хуэдизэ зэкІэ кьилэжьыфкъым, цыхъухэм еттым и нэхъыбэр кьызыхэкІыр спонсорхэм зэрызыкьытщІагъакъуэ мылькурщ.

Мухьэмэд-Хьэмид унафэщІу эзрагъэувэрэ мазитым щигъуа кьудейми, и мурадхэр куэд мэхъу, каналым зэрыщыгугъыр, хуищІэфыну кьилытэр нэхъыбэжщ. Апэм адыгэбзэр зэгъэщІэным теухуа дерсхэр зэригъэхьэзыру щытам хуэдэу, абы йолэжь, бзэмкІэ адыгэ псори (сыт хуэдэ диалектри) зыхуэгъэдэмыщІыкъым щыщхэу Мурадэ Бесльэнрэ Къуэдзокъуэ Муратрэ. Я хьэльагъ елъытауэ я хьэрхуэрэгъуэм деж абы-хэм етхуанэ увыпІэр щаубыдащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Ди хьэщІэхэр

тынхэр CD-м тыдотхэри Сауд Хьэрыпым и гъунэгъу Бахрейн хэгъуэгум кхъухьльатэкІэ идогъэхь. Абы щыІэ Іуэхуущапі́эм ахэр компьютерым ирелъхьэри хэзыбар кьыдегъащІэ. ИтІанэ сыт хуэдэ нэтынкІэ сыт зэманым тральхьэнуми интернеткІэ яжетІэурэ кьэдгъэльагъуэу аращ. КІэщІу жыпІэмэ, Іуэхуу кІихьлІыхьщ, тетхар кьыщыттыфыр мазэ дэкІа иужьщ. Ахьшэу текІуадэр нэхъ мащІэщ апхуэдэ Іуэху щІэкІэм, ауэ абы щыгъуэми ди дежкІэ куэдщ. Эфир занщІэ диамэ, ди лэжьыгъэр игъэпсынщІэнут, щІэщІэхьуэрэ ди льэпкъэгъуэм хэзыбарыщІэхэмкІэ дадэгъэщфынут.

Каналым и кьызэгъэпэщакІуэхэм, абы щылажьэхэм, щэч хэмыльу, хьуапсапІэхэр яІэщ, кьалэну зыхуагъэувыжхэр мащІэкъым. Ищхьэкіэ щыжыпІахэм кьыдэкІуэу иджыри я нэ кьыжьыукІхэм я гугъу кьытхуущІыну каналым и унафэщІ Абыдэ Мэжид дыщелъэІум, мыпхуэдэу кьыджиІащ.

- Ялэ дыдэу дызыхуейр адыгэу дунейм тетыр зы каналымкІэ зэльэдгъэІэсынырти, ар кьыдэхъуІащ. Адыгэхэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу Туркум дынэсащ, ахэр кьыдоплъ. Иджы ди хьуапсапІэр Америкэм щыІэхэм дальэІэсынырщ. Сутрикиыр зэкІэ нэскьым, ауэ интернетымкІэ дыкьалъагъу. ИтІанэ зы хьыбарыкІ фи щІэджыкІакІуэхэм ящысІэнут: мыгугъу «Адыгэ псалъэ» газетым и сайтым «НАРТ» каналым и линкыр тетлъхьэнущ, зы Іэпэ тегъэуэгъуэкІэ ди вебсайтым ухишэу. Ди сайтми «Адыгэ псалъэм» и линкыр тетлъхьэнущ. Мис итІанэ фІы дыдэу, сызыншІэу дыдэрыгъуэгъуэфынущ.

А псом кьыдэкІуэу дыхуейщ хэкурысхэм я псэукІэр, адэжь щыналъэр зыхуэдэр щхьщыгъэльэгъуа нэтынкІэ дгъэзыхьыну. Хамэ кьэрал щыпсэу адыгэхэм хэкужьыр ящыхуи, абы теухуауэ куэд ящІэн хуейщ. ПщІэнукьым, пщэдей зыгуэрым «щхьэ си хэку сымыкІуэжкъэ апхуэдэу щыдгъэгъуэкІ, щыдахэкІэ?» жиІэнкІи мэхъу. АбыкІэ ди пщэм кьалэн мымащІэ кьыдэхуэу си щхьэкІэ кьэзолытэ.

Зыгтхыжар

ИСТЭПАН Залинэщ

Гу зылытапхъэ: «НАРТ-ТВ»-м еплыну хуейхэм ар зэвгъэльагъуфынущ «Триколор» телевизионкІэ «тепщэчыр» вгъэувэрэ мыпхуэдэу текІуэдэу зэмэ: спутник **NOORSAT-1 на 25,5°.** КъуэкьыпІэ (позицие Badr). Час тота: **11662 МГц**. Поляризация: **Вертикальная.** Символьная скорость: **27500 FEC: 3/4.** Каналым и Іуэхущапі́эу ди Іэмэ-ди зэтым щылажьэхэм запыфщІыфынуш вебсайтымкІэ: **Website: www/narttv/tv**, электроннэ почтэмкІэ: **Email: info @narttv/tv**, телефонымкІэ **+962 6 5814 259**, факсыр: **+962 6 5813 191**

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

●Къэбэрдей Адыгэ Хасэ

Сурэтыр **ХОЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд яІущІащ Быркум, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ адыгэ жылагъуэм кьэкІаУэ Налшык зыщызыгъэпсэху ди льэпкъэгъу ныбжьыщІэм.

Хэкур зрагъэцІыху

КъБР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьанысыгъэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и нэІэ щІэту КъБР-м щыІэ сабийхэм гуапэу яІущІащ Хьэфыщ Іэр икІи къызыдикІа хэзгъэгъуэм мызэ-мытІэу зэрыщыІар, хэхэс адыгэхэм я хьыбар куэд зэрищІэр яжриІащ.

ЩІалэхэмрэ пщащхэмрэ афІэгъэщІегъуэну едэІуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетыр кьызэрыдгъэкІым, нэгъуэщІхэми ятеухуа хьыбарэм.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 ирокьу, - жиІащ Мухьэмэд. - Абы щыщу нужьрей илъэси 10-м КъАХ-м и тхьэмадэрэращ. Псом нэхъыщхьэу дэ дызэлэжьыр адыгэ лъэпкъым и бзэр, и хабзэр, щэнхабзэр хъума хъунырщ. КьинщынэмыщІауэ, адыгэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхури зэрыдгдгъэкІыным нужь дитщ, республикэм и унафэщІхэм гу зылъамытэ щыІэмэ, ахэр ядогъэлъагъу. Дэ зыкьытхуагъазэ гугъуехь гуэр кьызылъыкъуэкІа ди льэпкъэгъуэм. АпхуэдизкІэ тхуэзфІэкІынымэ дадоІэпыкъу, ди Іэр кьызыпемыкІуэкІхэмкІэ нэхъыщхьэхэм захуэдогъаззэри, хъарзынэу зыкьытщІагъакъуэ.

Мухьэмэд 1965 гъэ льандэрэ хамэ кьэрал щикъуэка адыгэхэм зэрапыщІар, абы льандэрэ зэхуихьэса тхыльэу, документхэр, хьэпшыпхэр зыщІэлъ кьэрал музей кьызэІуихыну зэримурадыр яжриІащ хьэщІэхэм.

«Адыгэ псалъэ» газетыр 1924 гъэ льандэрэ кьызэрыдэкІым, ар тхьэмадэм. НыжькІэ хьэщІэхэм я упщІэхэм яІуап іритащ.

- НыбжьыщІэ 25 си гъусэщ, Авалов, Русское къуажьэхэм щыщхэу, - кьыддогуашэ Авалов курыт еджапІэм инджыныізыбзэмкІэ и егъэджакІуэ **Фэрэжьыкъуэ Виолеттэ**, - Абыхэм иджы япэу кьакІуэхэри, етІуанэу кьыпсэзыгъаззэ хэри яхэтщ. Мы махуэхэм Гъэл щхъуантІэхэм дыщыІащ, икІи цыкІухэм ягу ирихащ. Хуабжьу гуапэу дыщрагъэблагъащ Ўрч районым.

Сабийхэр адыгэбзэкІэ зэрыпсальэр си гуапэ хъури щызэрагъэщІамкІэ сыщІэупщІати, Виолеттэ жиІащ школым адыгэбзэм тхъэмахуэм сыхьэтитІ зэрыхуихьар, абы щымыгугъуу унагуэхэм щызэрагъащІэу зэрыларар.

Тыркум кьыкІа ныбжьыщІэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ягу зэрырихьым, хэкужьым щыпсэухэм я гуапагъэр зэрагъэщІагъуэм дыщигъэгъуэзащ гупым я нэхъыжь **Уэрдым Исуф**.

Зыгъэпсэхуакіуэ къэкІуа ныбжьыщІэ гупым ящыгъуэщ Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм адыгэбзэкІэ щезыгъаджэхэу Къарэшыкіу Илкай, Щокьуп Илхэн, Къущхьэ Орхьан (къэбэрдей), Хъущт Эмел (шапсыгъ), Аджыкъуэ Нюлюфер (убых), Бэчмыкьуэ Айшэт (абазэхэ) сымэ. Егъэджакіуэ хэм я мурадщ анэдэлъхубзэр зэрыградкІэ методикэм нэхъри зрагъэжьыну. Къэбэрдейм адыгэбзэр зэрыщаджьым кІэлъыплъыну. Мы махуэ хэм абыхэм ядолажьэ Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым, КъБКъУ-м педагогикэмкІэ и юлледжым я Іэщ Іагъэлэхэр.

Хьэфыщ Мухьэмэд хьэщІэхэм яритащ езым и Іэдакъэ къыщІэкІа «Хамэщым вагъуэ хэр щоужьых» тхыльыр, «Адыгэ псалъэ», «Хасэ», «Нарт» газетхэм я Іэдакъэкіыгъуэхэр, фэепль саугъэтхэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Зи чэзу щІыхьэху

Кьалэн я гъуэгуэгр зыхуей хуэзыгъуэ зэрыщымытым псори дыщыгъуазэщ. Налшык и Щхьэлыкьуэ уэрамри ащхуэдизщ. Куэд щІащ ахэр зэрызрамигъэпэщыжрэ. Пэжщ, 2011 гъэм зыхуей хуагъэзэну: хэм ар хагъэхьащ.

●Налшык

АБЫ ПЭМЫПІЪЭУ, Налшык кьалэ ОВО-м и лэжьакІуэхэм зыхуей хуагъэзащ Щхьэлыкьуэ уэрамым щыщу Мэзбахъэмрэ Комаровымрэ я щІэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхуакум дэт Іыхьэр, нэхъ тэмэмэу жыпІэмэ, асфальткІэ «адыжащ». А щдэзт щІыхьэхэм жыджэру хэтащ къудамэм и лэжьакІуэхэр ирагъэкІуэкІащ хьэрычэтыщІэ ПэщІэпыджэ Альберт и щыгъэкІэ. А уэрамым щыпсэухэм фІыщІэ хуащІащ гъуэгур асфальт тельхъэным хуэзыгъэхьэзыра, ведомствэм щІэмыт хъумакІуэ къудамэм и лэжьакІуэ хэм, Іуэхум хэта псоми.

СМОРОДА Еленэ.

●Гу зылъытапхъэ

Дзэ къулыкъум хурагъэджэнущ

КъБР-м и Дзэ комиссариатым и хуэдамэу Налшык кьалэ щыІэм Урысей Федерацэм ЗыбгъэмэжьымыжькІэ и министерствэм профессиональнэ щІагъэгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и дзэ еджапІэхэм курыт профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт я факультетхэм щІигъэтІысхьэн папщІэ дзэ кьулыкъуэ езыхьэкІауэ запасым щыІэхэр кьыхэх мы кьыкІэпыкьыУэ еджапІэхэм игъэкІуэн папщІэ:

20. **Дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Рязань кьалэ)

21. **Дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Екатеринбург кьалэ)

22. **Дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Омск кьалэ)

23. **Дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Благовещенск кьалэ)

24. **ВМФ-м и дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Владивосток кьалэ)

25. **ВМФ-м и дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Калининград кьалэ)

26. **ВМФ-м и дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Санкт-Петербург кьалэ)

27. **ВМФ-м и дзэ-еджапІэ щІэныгъэ центрым** (Петродворец кьалэ)

28. **Михайловскэ дзэ-артиллерие академием** (Санкт-Петербург кьалэ)

29. **ПВО-м и дзэхэм я академием** (Смоленск кьалэ)

30. **РХБЗ-мрэ ИВ-мрэ я дзэхэм я академием** (Костромэ кьалэ)

31. **РХБЗ-мрэ ИВ-мрэ я дзэхэм я академием** (Тюмень кьалэ)

32. **РВСН-м и дзэхэм я академием** (Дон Іут Ростов кьалэ)

33. **Дзэ-хьэрш академием** (Санкт-Петербург кьалэ)

34. **СвязькІэ дзэ академием** (Санкт-Петербург кьалэ)

35. **СвязькІэ дзэ академием** (Санкт-Петербург кьалэм дэтым и кьудамэу Краснодар кьалэм щыІэм)

36. **Транспортымрэ тылымрэ я дзэ академием** (Санкт-Петербург, Петродворец кьалэхэм)

37. **Дзэ-тендэжь академием** (Санкт-Петербург кьалэ)

38. **РВСН-м и техникхэм я школым**.

ЕДЖАКІУЭ ягъэкІуэнум УФ-м Іэщэкіэ зэщІэуэздэ и кьарухэм 1 иныжь мынэхь мащІэкІэ кьулыкъущІ щІэуэ, и ныбжьыр илъэс 24-м щІимыгъуэу, курыт еджапІэ, курыт профессиональнэ еджапІэ кьызэриухамкІэ кьэрал документ е пэщІэдзэ профессиональнэ щІэныгъэ зэригъэтэамкІэ икІи абы хигубыдэу курыт школым и программэр зэриджамкІэ диплом иІэн хуейщ. Еджэн кьэзыухэр офицер нэхъыщІэхэм я кьулыкъуэхэм яГъэнывущ. Зорыгагъэ джэр илъэси 2-рэ мази 10-кІэщ. Курсантхэр зыхуей псомкІи кьэралым кьызэрегъэпэщ, мазэ кьэс ахъшэу сом мин 15 ярет. Щеджэ зэманым ахэр щІымахуэм мазитІ 15-кІэ, гъэмахуэм махуэ 30-кІэ кьаутІыпщ, я унэ кІуэжу кьызэрыкІуэжьыну билетхэр пщІэншэу кьрат.

УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и еджапІэхэм курыт профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт я факультетхэм щІэтІысхьэну хуейхэм КъБР-м и дзэ комиссариатым и кьудамэу Налшык щыІэм зыхуагъэзэн хуейщ мы хэщІапІэм: **Краснодарнейскэ уэрам, 26, пэш 24**, телефоныр: **44-10-83**.

Джэданэ Алим жэз медалыр къехь

●Дзюдо

Мы махуэхэм Москва щекІуэкІащ дзюдомкІэ «Тажьшхуэ» дунеипсо зэхьэзэхуэр. Абы ирихьалІащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щынэхъ льэщ спортсмен 300-м нэблагъэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щІыхьыр зыхъумахэм ящыщу абы жэз медалыр кьыщихьащ зи хьэльагъыр илодтрам 66-рэ хъухэм я гупым щыбэна ди льэпкъэгъу Джэданэ Алим. Щэч кьызытомыхьэн текІуэныгъэхэр зыІэриГъэхьэурэ финал ныкъуэ зэІуащІэм нэсауэ, абы зымащІэкІэ къефІэкІащ Корее Ипщэм и лІыкІуэ Чжин Ким Чжу.

Дунейпсо зэхьэзэхуэм хъарзынэу зыкьыщагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу Мурэрэ Бесльэнрэ Къуэдзокъуэ Муратрэ. Я хьэльагъ елъытауэ я хьэрхуэрэгъуэм деж абы-хэм етхуанэ увыпІэр щаубыдащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дэ къытхуатх

ГущІэгъуэ зи бэ Жылэ Иринэ

ЩІыхум и ныбжьыр хэкІуэтэху и узынщагъэри мэкІуэщІ. Абы закъуэщыгъэр гъуса хуэхъуэжмэ, гъащІэр нэхъри хьэлэщ. Гум и дэхьакІэ, мыщІагъуэмрэ лъыдзуей лъагэмрэ си гукъыдэжьыр щрагъдыхым, дохутырым зыхуэзгъэзэн хуей.

СИ НАСЫП кьыхьри сэ сыпэщІэхуащ Налшык и Дубки хьэблэм дэт консультационнэ клиникэм и Іэщ Іагъэлэ І кардиолог Іэзэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Жылэ Иринэ. ГущІэгъуэр зи бэ, зи бзэр Іэфі, а бзылъхугъэ Іэщабэ-Іущабэм къызэрэсэлъэн щыщІидзам, гъащІэм нэгъуэщІынэкІэ сригъэпльащ, дэрэжэгъуэ къызитащ. Пэжыр жысІэнщи, ажалым сыкъыІэщІихауэ къысщохъу абы.

Нобэ си узынщагъэр зэтесу, си лъэр жану сызэрызэтеувэжар зи фІыщІэр зи Іэщ Іагъэм хуэпэж, зи лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъу Жылэ Иринэщ.

«Адыгэ псалъэ» ди льэпкъ газетымкІэ зыхуэзгъэзэну сыхуейт си гум дихьа щІыхубзэм, къыздэфІыгъмэ, гуапэ сщыхъунущ: «ПщІэ зыхуэсщІ Иринэ! Нобэ хуэдэу удахэу, уи гур зэІухэрэ уи псэр къабзэу, уи Іэщ Іагъэм и хъер пльагъуу, уи унагъуэм фІыгъуэмрэ насыпымрэ щытепщэу куэдрэ щІыхум я узынщагъэм утелэжьэну, узыхэт гупым фи мурадымрэ фи гъащІэмрэ зэтехуэу дунейм гу щыфхуэну сыныводхъуэхъури, Тхъэм къыфхуэзэпищІэ».

ЩАУЭ Зое.

Зеикъуэ къуажэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ Іо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щІкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 47-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапі́эхэм я дэлэжьэныкьмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пысьмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапі́эм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзу тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьигъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкьым. Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт зэпыщІынырэ зэхэмкІэ я управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роскечать" АО-м. Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м N№П-0065-м щІэту зэтехащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорэу Щоджэн Иринэ *(1, 2-нэ нап.),* Бапэ ФатІимэ *(3, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дэлэжьагъэу Иуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящІащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтым елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытредаг сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.121●Заказ №1895